**दिन–शनिवार** **दिनांक–19.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय पशुपालन, मत्स्य पालन आ डेयरी मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह आइ कहलनि जे देश प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे माँछ उत्पादनक क्षेत्र मे अभूतपूर्व प्रगति कयलक अछि आ माँछक निर्यात बढ़ि कऽ साठि हजार करोड़ टाका भऽ गेल अछि। माँछ पालन के क्षेत्र मे ड्रोन तकनीकक उपयोग पर पटना के ज्ञान भवन मे आयोजित एक कार्यशाला के सम्बोधित करैत श्री ललन सिंह कहलनि जे दू हजार चौदह मे ई निर्यात तीस हजार करोड़ टाका छल। केन्द्रीय मंत्री कहलनि जे एहि निर्यात के दुगुना कऽ एक लाख बीस हजार करोड़ धरि पहुँचेबाक लक्ष्य अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री मत्स्य संपदा योजनाक अंतर्गत माँछ पालक सभ के कतेको प्रकारक सुविधा देल जयबाक कारण माँछक उत्पादन बढल अछि। एहि कारण माँछक उत्पादन नब्बे लाख टन सँ बढ़ि कऽ एक सय पचहत्तरि लाख टन भऽ गेल अछि। पूरा विश्व मे भारत माँछ उत्पादनक मामिला मे दोसर स्थान पर अछि। ओ कहलनि जे ड्रोन तकनीकक उपयोग सँ बिहारक किसान लोकनि के सेहो लाभ होयत। एहि सँ परिवहन, माँछक रख–रखाव आ माँछ के दाना पहुँचेबा मे मददि भेटत। कार्यक्रम के बिहारक उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, पशु तथा मत्स्य संसाधन मंत्री रेणु देवी आ अतिपिछड़ा कल्याण विभागक मंत्री हरि सहनी सेहो सम्बोधित कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे माँछ उत्पादन मे बिहार आत्मनिर्भर बनि गेल अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे आब लगभग नओ लाख मीट्रिक टन माँछक उत्पादन भऽ रहल अछि। आ बिहारक माँछ दोसर राज्य मे पठाओल जा रहल अछि। पटना के ज्ञान भवन मे आयोजित मत्स्य पालनक क्षेत्र मे ड्रोन तकनीकक उपयोग आ प्रत्यक्षण कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार द्वारा बिहारक विकासक लेल कतेको काज कयल जा रहल अछि। राज्य मे केन्द्र सरकार द्वारा मत्स्य पालनक क्षेत्र मे विकासक लेल उठाओल गेल डेग सँ मत्स्य पालक लोकनि के विशेष लाभ भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे बाढ़ि सँ भेल क्षति के आकलन करबाक लेल केन्द्रीय टीम काल्हि पटना आओत। आपदा प्रबंधन मंत्री संतोष कुमार सुमन ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे गृह मंत्रालय के संयुक्त सचिव पार्थ सारथी के अध्यक्षता मे सात सदस्यीय टीम बाढ़िग्रस्त क्षेत्र के दौरा करत। दू दिनक दौरा के बाद केन्द्रीय टीम के बाईस अक्टूबर के राज्य सरकारक अधिकारी लोकनिक संग बैसक करबाक कार्यक्रम अछि। श्री सुमन जनौलनि जे राज्य सरकार केन्द्र सरकार सँ बाढ़ि क्षतिपूर्ति मद मे तीन हजार छओ सय अड़तीस करोड़ टाका के सहायता राशिक माँग कयलक अछि।

———————————————————————————

बिहार मे विधानसभाक चारि सीट–तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ के उपचुनाव के लऽकऽ नामांकन प्रक्रिया शुरू भऽ गेल अछि। नामांकनक अंतिम तिथि पच्चीस अक्टूबर निर्धारित अछि। अट्ठाईस अक्टूबर के नामांकन पत्र सभक जाँच होयत। उम्मीदवार तीस अक्टूबर धरि अपन नाम आपस लऽ सकताह। मतदान तेरह नवंबर के कराओल जायत, जखनकि मतक गिनती तेईस नवंबर के होयत। एम्हर, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी इमामगंज विधानसभा सीट सँ दीपा मांझी के प्रत्याशी बनेबाक निर्णय कयलनि अछि। ओतहि, जन सुराज पार्टी बेलागंज विधानसभा क्षेत्र सँ प्रोफेसर खिलाफत हुसैन के आ इमामगंज सँ डॉक्टर जितेन्द्र पासवान के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर ई जनतब देलनि। विदित अछि जे तरारी विधानसभा क्षेत्र सँ पार्टी पहिनहि एस.के. सिंह के अपन उम्मीदवार घोषित कयलक अछि।

———————————————————————————

बिहार हिन्दी साहित्य सम्मेलन आइ अपन एक सय छठम स्थापना दिवस समारोह मना रहल अछि। एहि अवसर पर आइ सँ दू दिवसीय महाधिवेशन के शुरूआत भेल। ई महाधिवेशन हिन्दी साहित्यक दू महान विभूति पंडित सूर्यकांत त्रिपाठी निराला आ रामवृक्ष बेनीपुरी के समर्पित अछिं

———————————————————————————

बांका जिलाक फुल्ली डुमर थाना क्षेत्रक नगरडीह मोड़ के लऽग एक अनियंत्रित चारि पहिया वाहन के चपेट मे अयला सँ छओ काँवरियाँ के मृत्यु भऽ गेलनि। ओतहि, एहि हादसा मे बारह गोटे घायल भऽ गेलाह। मृतक मे पाँच महिला आ एक पुरूष सम्मिलित छथि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि हादसा पर अपन शोक संवेदना व्यक्त कयलनि अछि। ओ अधिकारी लोकनि के निर्देश दैत कहलनि जे घायल सभक लेल समुचित इलाजक व्यवस्था कयल जाय।

---

बिहार मे पहिल बेर आयोजित विश्वविद्यालय स्तर के कबड्डी खेलक चांसलर ट्रॉफी के फाइनल प्रतिस्पर्धा मे आइ बालिका वर्ग मे दरभंगाक ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय, वीरकुँवर सिंह विश्वविद्यालय आरा के पराजित कऽ खिताब पर कब्जा कयलक अछि। ओतहि बालक वर्ग मे मगध विश्वविद्यालय बोधगयाक टीम दरभंगाक ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय के पराजित कऽ खिताब अपन नाम कयलक अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर के पहल पर पहिल बेर राज्य मे अंतरविश्वविद्यालय कबड्डी प्रतियोगिताक चांसलर कप आयोजित कयल गेल।

---

मधुबनी जिलाक कोतवाली चौक स्थित एक निजी बैंकक एटीएम काटि कऽ अपराधी सभ लगभग पाँच लाख टाका चोरी कऽ लेलक। पुलिस सीसीटीवी फूटेजक आधार पर अपारधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापमारी कऽ रहल अछि।

---

जमुई जिलाक बरहर थाना क्षेत्रक मुसहरिताड़ गाम सँ पुलिस आ एसएसबी के टीम संयुक्त कार्रवाई कऽ दू लाख टाका के ईनामी नक्सली सुनीन कोड़ा के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त